

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa salah sahiji aspék penting dina kahirupan manusa. Ku ayana basa, kagiatan hiji jalma bisa leuwih gampang nalika ngayakeun komunikasi atawa interaksi jeung jalma séjenna. Basa dipaké ku manusa pikeun pakakas komunikasi atawa patali marga di antara anggota masarakatna (Sudaryat, 2004, kc. 9). Ngaliwatan maham kana struktur basa, manusa bisa nyangking sarupaning informasi anu anyar atawa ngawewegan informasi saméméhna. Sajaba ti éta, basa ogé kawilang efektif pikeun ngébréhkeun ideu tur gagasan boh wangun lisan boh wangun tulisan sacara jembar.

Basa miboga fungsi informatif, éksprésif, diréktif, éstétis, jeung fatis. Leech, dina Mardikantoro (2014, kc. 216) nétélakeun yén fungsi informatif basa mangrupa pakakas pikeun nepikeun informasi. Saluyu jeung pamadegan Richard, dina Sutrisna (2014, kc. 2) yén komunikasi pakaitna jeung kagiatan tindak tutur sapopoé, sarta ieu kagiatan mangrupa salasahiji kagiatan anu ngagunakeun basa minangka pakakas pikeun nepikeun informasi. Basa salaku médiator utama keur nepikeun hiji gagasan atawa ideu, nafsirkeun kahirupan ogé narjamahkeun sagala hal anu aya di sakuliah dunya. Dina hal proses ngedalkeun ideu atawa gagasan, ditilik tina wanguna kabagi jadi dua bagian, nyaéta wangun lisan jeung wangun tulisan. Éta hal tinangtu teu bisa leupas tina peran média, nalika basa diébréhkeun dina wangun tulisan.

Dina ieu hal, média miboga peran anu kawilang penting dina proses kahirupan masarakat kiwari. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Subrata, dina Mardikantoro (2014, kc. 216) yén *information is power*. Ngaliwatan média, sakabéh informasi bisa kacangking kalayan éféktif jeung éfisien. Média masa nya éta salah sahiji sarana anu digunakeun dina nepikeun pesen tina sumber (komunikator) ka masarakat ku cara ngagunakeun pakakas komunikasi mékanis, saperti surat kabar, radio, tv, film, internét jsb. Salah sahiji perspéktif ngeunaan peran média masa dina kontéks masarakat modérn numutkeun Mc Quail, dina Suryawati (2014, kc. 37) nya éta salah sahiji sarana pikeun ngasosialisasikeun

rupa-rupa informasi atawa ideu pikeun meunangkeun tanggapan atawa respon ti masarakat.

Minangka hiji pakakas pikeun nepikeun informasi atawa média, ajén jeung gambaran umum tina hiji kajadian, média masa miboga peran pikeun ngawangun opini publik. Saluyu jeung pamadegan ti salah sahiji kritikus sarta éditor, Sam Lipski, dina Sobur (2010, kc. 33) nételakeun yén média geus jadi élit kakawasaan anyar. Dina harti, média citak kalungguhanana geus luhung pisan. Saluyu jeung pamadegan Candradewi, dina Dhanayasa (2016, kc. 1) yén média biasana méré sawangan sarta pangajén ngeunaan kasus atawa kajadian anu keur karandapan. Ku ayana média masa, masarakat bisa diajar pikeun nyaluyukeun sagala hal jeung tuntutan jaman anu keur karandapan, anu ngawengku lingkungan kulawarga, sakola, babaturan jsb. Ku éta hal, média masa kaasup kana agén sosialisasi anu nangtukeun kahirupan manusa.

Média citak kaasup kana média anu kawilang populér pisan di masarakat. Sifatna tinulis, minangka wadah anu digunakeun pangarang pikeun nulis rupa-rupa kajadian séjéna anu aya di lingkungan masarakat. Di jaman kiwari, pidangan téks atawa artikel di média citak, utamana anu aya patula-patalina jeung hiji kajadian, loba anu ngalibetkeun pihak dominan, teu ngan saukur masalah pulitik wungkul, tapi kaasup masalah ékonomi, sosial, pamaréntahan, jsb. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Eriyanto (2003, kc. 48) yén média geus dipimilik ku kelompok anu tangtu jeung digunakeun pikeun ngadominasi kelompok anu teu dominan.

Pidangan téks dina média citak disusun sacara sistematis ngaliwatan paragraf-paragraf anu diwangun ku sababaraha kalimah sarta ngandung harti tur gagasan anu tangtu, éta hal biasa disebut wacana. Wacana kaasup kana tataran basa anu panggedena sarta panglengkepna, anu ngawengku fonologi, morfologi, sintaksis jeung semantik anu dirojong ku situasi pamakéna di masarakat. Lian ti éta, minangka cara pikeun mekarkeun komunikasi ngagunakeun simbol-simbol anu aya pakaitna jeung interprétasi sarta kajadian anu aya di masarkat.

Analisis ngeunaan wacana diperlukeun pisan pikeun maluruh hal-hal anu nyangkaruk dina éta téks. Sabab teu sakabéh téks wacana langsung méré informasi ngeunaan maksud jeung tujuana sarta teu sakabéh pamaca bisa maham

kana eusi wacana. Anapon puseur ieu panalungtikan nya éta pikeun mikawanoh hal-hal di saluareun téks, anu ngawengku posisi jeung peran pihak-pihak atawa aktor dumasar kana pamékean basa anu digunakeun dina téks saluyu jeung kaayaan sarta kondisi sosial mangsa harita.

Analisis wacana kritis mangrupa salah sahiji tarékah pikeun nganalisis téks wacana. Informasi hiji téks (réalitas sosial) anu keur ditalungtik ku hiji jalma atawa kelompok pikeun tujuan anu tangtu, sarta ngaguar maksud anu aya dina éta téks wacana minangka ideu atawa gagasan ti panulis (subyéék). Réa pangarang anu nyamunikeun maksud jeung tujuan tina tulisanana, sabab pangarang kudu nyaluyukeun jeung kaayaan sosial di masarakat. Analisis wacana kritis digunakeun pikeun maluruh basa salaku fakta anu penting, maluruh katimpangan-katimpangan kakawasaan di masarakat. Ieu hal saluyu jeung pamanggih Fairclough jeung Wodak, dina Darma (2013, kc. 50) yén basa, boh éta basa tuturan atawa tulisan mangrupa wangun tina prakték sosial anu ngabalukarkeun ayana hubungan antara kajadian déskriptif anu aya patalina jeung situasi, institusi jeung struktur sosial.

Theo van Leeuwen nétélakeun yén basa mangrupa *cerminan idéologi*, anu antukna ngaliwatan proses diajar basa anu aya dina téks, idéologi bisa dicangking. Modél analisis wacana kritis Theo van Leeuwen dipaké pikeun maluruh sarta nalungtik kumaha peran kelompok atawa hiji jalma dimarginalkeun posisina dina hiji wacana. Naha éta pihak téh leuwih nyekel perana anu penting (kawasa), ari pihak séjéna dijadikeun obyék anu teu sakuduna (diredahkeun). Lian ti éta, analisis van Leeuwen sacara umum ngadadarkeun ngeunaan posisi pihak-pihak atawa aktor (individu atawa kelompok) dipidangkeun dina wacana ngaliwatan prosés *pengeluaran (exclusion)* jeung prosés *pemasukan (inclusion)*.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan wacana kritis anu objékna wacana basa Indonésia mah kungsi ditalungtik, di antarana “*Pemberitaan Persenjataan Tentara Nasional Indonesia pada Majalah Tempo*” ku Dessy Priseilla (2013). Eusina medar ngeunaan modél analisis Teun A. van Dijk. Hasil panalungtikana nya éta Majalah *Tempo* salawasna midangkeun pandangan anu negatif sarta pidangan téksna leuwih mihak ka pamaréntah. “*Politisasi Olahraga: Analisis*

Wacana Kritis Teks Pemberitaan Olahraga pada Harian Umum Media Indonesia”, ku Melda Martini (2011), hasil panalungtikana nya éta: 1) *Media Indonesia* loba nempatkeun PSSI jeung Nurdin Halid salaku objék pemberitaan. 2) dumasar pamakéan kalimah, Nurdin Halid jeung PSSI di déskripsikeun négatif. 3) *média Indonesia* réa ngabahas masalah-masalah kakawasaan jeung kisruh PSSI.

Anapon panalungtikan anu objékna wacana basa Sunda mah kawilang saeutik. Panalungtikan anu aya diantarana waé, “*Adegan Wacana Rubrik Balé Bandung dina Majalah Manglé: Analisis Wacana Kritis Modél Teun A. van Dijk* (Irpan Maulana, 2014). Inyana nalungtik ngeunaan idéologi pulitik pangarang nalika nyieun téks Balé Bandung, pikeun nganalisisna museurkeun kana diménsi téks: 1) struktur makro anu ngawengku tématik, 2) superstruktur anu ngawengku skématis, jeung 3) struktur mikro anu ngawengku semantik (medar ngeunaan latar, wincik jeung maksud), sintaksis ngawengku wangun kalimah, kohérénsi jeung kecap sulur, sintaksis anu ngawengku pilihan kecap sarta rétoris ngawengku grafis jeung métafora. Hasil tina panalungtikana nétélakeun yén téma dina rubrik Balé Bandung mangrupa kritik sosial ka pamaréntah, galurna ngaguluyur tur gampang dipikaharti ku pamaca.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan ngeunaan wacana kritis dina média citak, utamana nu nyokot objék wacana basa Sunda mah can réa ditalungtik. Ku éta hal, ieu panalungtikan téh perlu dilakukeun pikeun nyangking maksud jeung tujuan pangarang dina nulis téks wacana. Panalungtik bakal nganalisis peran kelompok atawa individu anu dipidangkeun dina hiji téks wacana rubrik “kolom” Majalah *Manglé*. Dina ieu rubrik dipedar sawatara pamanggih-pamanggih ti pangarang ngeunaan rupa-rupa hal anu aya di masarakat, ngébréhkeun pamadeganana ngaliwatan tulisan sacara leuwih kritis jeung ilmiah.

Ieu panalungtikan ngagunakeun modél analisis anu béda jeung panalungtikan saméméhna, nya éta modél analisis Theo van Leeuwen pikeun nalungtik posisi pihak-pihak atawa aktor (kelompok atawa individu); posisi subjék (panulis) dina rubrik “kolom” majalah *Manglé*; karakteristik téks wacana dina rubrik “kolom” majalah *Manglé*, sarta jumlah stratégi analisis wacana kritis anu digunakeun dina

wacana rubrik “kolom” Majalah *Manglé* anu engkéna bakal dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA. Kukituna, panalungtikan ieu judulna “Analisis Wacana Kritis kana Rubrik “Kolom” dina Majalah *Manglé* pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA” dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Analisis wacana kritis ngabahas ngeunaan dominasi kakuatan sosial anu dipatalikeun jeung kontéks sosial atawa pulitik. Analisis wacana kritis digunakeun pikeun mikawanoh hubungan élmu pangaweruh jeung kakawasaan. Maluruh sacara sistematis ngeunaan téks, kajadian, struktur sosiokultural, jsb.

Dumasar kana éta hal, panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah dina ieu panalungtikan, di antarana ieu handap.

- 1) stratégi analisis wacana kritis dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*.
- 2) posisi aktor dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*.
- 3) posisi panulis dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*.
- 4) karakteristik téks dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Pikeun leuwih ngagampangkeun galur, tujuan sarta métodeu panalungtikan anu digunakeun, diperlukeun ayana rumusan masalah pikeun mekarkeun pananya tina masalah anu geus ditetepkeun. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan ébréh ieu di handap.

- 1) stratégi analisis wacana kritis naon waé anu aya dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*?
- 2) kumaha posisi aktor dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*?
- 3) kumaha posisi subjék (panulis) dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*?
- 4) kumaha karakteristik téks dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saméméh ngalakukeun panalungtikan, kudu ditangtukeun heula tujuan panalungtikan. Tujuan anu rék dimekarkeun sarta hayang kahontal nyoko kana tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun peran média citak, hususna majalah *Manglé* dina midangkeun informasi anu aya pakaitna jeung peran pihak-pihak atawa aktor dina hiji téks sarta pikeun mikawanoh posisi jeung peran hiji kelompok atawa aktor dina pidangan téks wacana.

1.3.2 Tujuan husus

Tujuan husus anu aya dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal nya éta:

- 1) strategi analisis wacana kritis dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*;
- 2) posisi aktor dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*;
- 3) posisi panulis dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*; jeung
- 4) karakteristik téks wacana dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dipiharep ieu panalungtikan téh bisa nambahan wawasan dina maluruh ngeunaan sagala rupa hal anu aya patula-patalina jeung pidangan téks di media citak. Lian ti éta, dipiharep mampuh méré mangpaat pikeun kamekaran ulikan basa ngaliwatan pamarekan analisis wacana kritis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan di antarana nya éta:

- 1) pikeun média masa (pérs)

Dipiharep bisa jadi référénsi praktik nalika nulis hiji wacana.

- 2) pikeun masarakat umum

Dipiharep bisa nambahan wawasan ngeunaan pidangan wacana sarta ngalegaan informasi yén dina pidangan hiji wacana téh miboga harti anu nyamuni anu mana ieu hal diperlukeun pamikiran kritis pikeun mikanyahona.

3) pikeun panalungtik

Bisa mikaweruh kana karakteristik téks dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*. Lian ti éta, bisa mikanyaho maksud, tujuan sarta harti anu nyamuni dina éta téks wacana.

4) pikeun guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan wacana sarta bisa dijadikeun salah sahiji sumber ajar kaparigelan maca di sakola, utamana SMA.

5) pikeun siswa

Dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan rupa-rupa informasi anu aya dina rubrik “kolom” sarta pikeun ngaronjatkeun pamahaman kana wangun téks bacaan jeung kaparigelan maca dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh ngawengku lima bab, anu eusina medarkeun ngeunaan sistematika dumasar kana raraga tulisan saluyu jeung maksud judul bab séwang-séwangan.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, anu ngawengku watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis) sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, jeung raraga mikir, ngébréhkeun ngeunaan: 1) ulikan pustaka ngeunaan wacana, analisis wacana kritis, jeung bahan pangajaran maca, 2) panalungtikan saméméhna, 3) raraga mikir, jeung 4) anggapan dasar panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku: 1) sumber data panalungtikan, 2) désain panalungtikan, 3) métodeu panalungtikan, 4) instrumén panalungtikan, 5) téknik ngumpulkeun data, jeung 7) téknik ngolah data.

Bab IV Analisis jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan: 1) data téks wacana anu aya dina rubrik “kolom” majalah *Manglé*, 2) analisis jeung déskripsi téks

wacana dina rubrik “kolom”, 3) analisis pikeun mikanyaho stratégi analisis wacana kritis, 4) analisis pikeun mikanyaho posisi aktor jeung subjek (panulis) sarta karakteristik wacana dina rubrik “kolom” Majalah *Manglé*, ngaliwatan stratégi *pengeluaran (exclusion)* jeung *pemasukan (inclusion)* anu mana miboga sawatara stratégi dina prosésna séwang-séwangan, di antarana prosés *exclusion* ngawengku: (1) pasivasi, (2) nominalisasi, jeung (3) bagantina anak kalimah, ari stratégi dina prosés *inclusion* ngawengku (1) diférensiasi-indiférensiasi, (2) objéktivasi-abstraksi, (3) nominasi-katégorisasi, (4) nominasi-idéntifikasi, (5) détéminasi-indetéminasi, (6) asimilasi-individualisasi, jeung (7) asosiasi-disosiasi, 5) bahan pangajaran maca di SMA.

Ari dina Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina medar ngadadar ngeunaan kacindekan tina ieu panalungtikan sarta saran pikeun individu atawa pihak anu aya patula patalina jeung ieu panalungtikan.